

4 jiyè

Mwen fè mal mwen pa vle fè a. Women 7. 19

Pa kite dòmi pran nou, tande. Lapriyè pou nou pa tonbe anba tantasyon. Lespri nou byen dispoze, men kò nou fèb. Matye 26. 41

Pran pozisyon kont Satan, l ap kouri kite nou.

Jak 4. 7

Pran pozisyon kont tantasyon

Pandan Mikayèl apral lekòl, li kanpe devan yon bèl eks-pozisyon fwi. Li gade, li pa wè pèsonn nan magazen an ni nan lari a, ti gason an pran yon pòm li foure nan pòch li. Men, komèsan an t ap veye ti vòlè a, li kouri kenbe li, e li blame l sevèman : “mwen espere se premye fwa ou vòlè afè moun e mwen swete se yon dènye fwa !”. Mikayèl vin granmoun kounye a, li pa janm bliye leson li te aprann jou sa a.

Kris te padone peche li tou, li te konprann ke li te kapab delivre anba pouvwa peche tou (Women 8. 2) e pran pozisyon kont tantasyon.

Depi nan jaden Edèn, lòm te toujou tante ak sa ki mal. Men kòman Apot Jak dekri pwosesis mal la : “Lè yon moun anba tantasyon se pwòp move dezi moun lan k ap rale l k ap pouse li. Konsa, move dezi a travay nan kè li, li fè l fè peche. Lè peche fin fèt li bay lanmò” (Jak 1. 14, 15).

Se pa bon desizyon nou pran ni yon fèm volonte k ap fè nou pran pozisyon kont tantasyon. Pyè, disip Kris la te byen dipoze pou l te rete fidèl ak Kris, mèt li. Men li pa te ka veye menm pou inèdtan avèk mèt la, anvan yo te krisifye li, e li te menm rive nye Kris ! Senyè a te di : “Lespri a byen dispoze, men kò a fèb”. Se sèlman ak pouvwa Sentespri a nou k ap rive pran pozisyon kont tantasyon tantatè a. Ann aprann “mache anba pouvwa Lespri a” (Galat 5. 2).

4 juillet

Le mal que je ne veux pas, je le fais. Romains 7. 19

Veillez et priez, afin que vous n'entriez pas en tentation ; l'esprit est prompt, mais la chair est faible.

Matthieu 26. 41

Résistez au diable, et il fuira loin de vous. Jacques 4. 7

Résister à la tentation

Sur le chemin de l'école, Michaël s'arrête devant un magnifique étalage de fruits. Ne voyant personne dans le magasin ni dans la rue, l'enfant s'empare alors d'une pomme qu'il fourre dans sa poche. Mais le commerçant a observé le petit voleur ; il le rattrape aussitôt et le gronde sévèrement : "J'espère que c'est la première fois que tu t'empares du bien d'autrui. Fais en sorte que ce soit la dernière !". Devenu adulte, Michaël n'a pas oublié la leçon apprise ce jour-là.

Il a aussi reçu par Christ le pardon de ses péchés, et compris qu'il pouvait connaître également la délivrance de la puissance du péché (Romains 8. 2) et résister à la tentation.

Depuis le jardin d'Eden, l'humanité a toujours été tentée par le mal. L'apôtre Jacques décrit ainsi la terrible spirale du mal : "Chacun est tenté, étant attiré et amorcé par sa propre convoitise ; ensuite la convoitise, ayant conçu, enfante le péché ; et le péché, une fois commis, produit la mort" (1. 14, 15).

Ce ne sont pas nos bonnes résolutions, ni même une ferme volonté, qui nous feront résister à la tentation. Pierre, le disciple de Jésus, était bien disposé à rester fidèle à son Maître, mais il n'a pas pu veiller une heure avec lui la nuit avant sa crucifixion, et il est même allé jusqu'à le renier ! "L'esprit est prompt, mais la chair est faible", a dit le Seigneur. Ce n'est que par la puissance du Saint Esprit que nous serons gardés de succomber aux sollicitations du tentateur. Apprenons à "marcher par l'Esprit" (Galates 5. 2).